



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 5.9 MILYON DOLA POU REYABILITASYON  
PON NAN REJYON KAPITAL LA**

***Pwojè pou Pwoteje Sekirite Piblik epi Sipòte Kwasans Ekonomik k Ap Repare  
oswa Ranplase 10 Pon ak Kanivo Rejyon Kapital la yo***

***Etap En (1) nan Inisyativ 1 Milya Dola BRIDGE NY la***

***Yon Pati nan Plan ki Gen Kapital 21.1 Milya Dola sou Plizyè Ane pou Modènize  
Wout ak Pon Atravè New York yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a genyen 5.9 milyon dola pou reyabilite epi ranplase 10 pon ak kanivo atravè Rejyon Kapital la. Finansman sa a, ke y ap bay atravè Etap En (1) Inisyativ BRIDGE NY Gouvènè a, fè pati yon plan ki gen yon kapital 21.1 milya dola sou plizyè ane pou modènizasyon plizyè wout, pon, ak lòt enfrastrikti ki enpòtan, atravè Eta New York.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Enfrastrikti se kle pwosperite nou, e atravè pwogram sa, n ap founi finansman bay gouvènman lokal yo nan chak kwen eta sa pou ede asire ke pon yo rete fyab, solid, epi an mezi pou reponn a demand jenerasyon aktyèl ak jenerasyon fiti Moun New York yo. Sa se yon lòt etap pou rive gen yon New York ki pi an sekirite, pi djanm e pi asire pou tout moun.”

Pwogram BRIDGE NY la mete aksan sou pwojè ki reponn ak movèz kondisyon estiktirèl yo; li diminye restriksyon ki lye ak pwa oswa detou ki long yo; li fasilite devlopman ekonomik oubyen ogmante konpetitivite; epi/oubyen li redui risk inondasyon. Se Ministè Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation) la ki jere l.

Yo te chwazi pwojè y ap finanse yo grasa yon pwosesis konpetitif ki te evalye rezilyans chak estrikti; kondisyon estiktirèl aktyèl yo; epi gwosè ak enpòtan pon an, tankou kantite trafik, konsiderasyon sou detou, kantite ak kalite biznis ki jwenn sèvis; epi enpak sou komès. Men yon lis pwojè ak lajan finansman pou Rejyon Kapital la:

- \$850,000 pou vil Cohoes (Konte Albany) pou Columbia Street (State Route 470) sou Eagles Nest Creek
- \$300,000 pou vil Catskill (Konte Greene) pou Pennsylvania Avenue sou yon afliyan ki mennen nan Kaaterskill Creek
- \$1.093 milyon pou vil Nassau (Konte Rensselaer) pou Murdock Road sou Tsatsawassa Creek
- \$1.128 milyon pou Konte Saratoga pou Middle Grove Road (County Route 21) sou Kayaderosseras Creek
- \$130,000 pou Ministè Travo Piblik (Department of Public Works) Konte Saratoga pou Kinns Road (County Route 109) sou Dwaas Kill
- \$125,000 pou Ministè Travo Piblik Konte Saratoga pou Vischer Ferry Road (County Route 90) sou Dwaas Kill
- \$400,000 pou Ministè Travo Piblik Konte Saratoga pou Barkersville Road (County Route 16) sou Glowegee Tributary
- \$788,000 pou Konte Schenectady pou Scotch Ridge Road (County Route 70) sou yon afliyan Normans Kill
- \$342,000 pou vil Fort Ann (Konte Washington) pou Hogtown Road sou Mt. Hope Brook
- \$750,000 pou Konte Columbia pou County Route 21 sou yon afliyan ki mennen nan Agawamuck Creek

**Delege Ministè Transpò a, Matthew J. Driscoll te di:** “Se yon bagay ki enpòtan anpil, pou n kenbe pon nou yo an sekirite. Finansman BRIDGE NY sa pou pon ak kanivo lokal yo montre yon angajman Gouvènè Cuomo pou fè tout sa ki nesesè pou pwoteje sekirite piblik la epi kontinye fè ekonomi lokal atravè Eta New York yo pwogrese.”

Pwogram 1 milya dola BRIDGE NY la, ke yo te anonse nan Bidjè FY 2017 Gouvènè Cuomo a, ap ranplase, reyabilite, epi mentni pon lokal epi vital eta a pou amelyore sekirite ak kwasans ekonomik ki enpòtan anpil. Mwatye nan lajan an ap depanse nan pon ki pou eta a yo, alòske lòt mwatye a ap al jwenn minisipalite yo pou pwojè lokal ki enpòtan yo.

Finansman BRIDGE NY la disponib pou tout minisipalite ki otorize pou resevwa epi jere finansman Eta ak finansman federal la pou transpò. Aplikasyon pou sibvansyon nan premye etap finansman an te fini nan sezon otòn ki pase a.

###